



Aplikasyon pou Kosmetoloji

Pou yon pwosesis ki pi vit ak pi fasil, Divizyon Sèvis Livrezon Lisans (Division of Licensing Services) ankouraje moun k ap aplike yo pou yo aplike sou entènèt. Si ou itilize sèvis yo sou entènèt sa ap ba ou yon dèlè repons pi rapid sou aplikasyon ou ak dènye enfòmasyon yo, epitou sa ap pèmèt ou wè dosye lisans ou ak gen aksè ladan pandan tout pwosesis lisans lan.

Ale sou sitwèb nou nan: www.dos.ny.gov

Tanpri gade seksyon enstriksyon sa yo sou entènèt pou jwenn plis enfòmasyon.

Li enstriksyon yo avèk anpil atansyon anvan ou ranpli aplikasyon an. Ou dwe ranpli tout espas yo. N ap retounen aplikasyon ki pa fin ranpli yo, epitou sa ap mete reta nan livrezon lisans ou. Si ou pa mete yon enfòmasyon, si ou mete enfòmasyon ki pa gen presizyon oswa si ou pa bay tout enfòmasyon yo nan yon aplikasyon oswa si ou pa bay tout dokiman sipò, nou ka gen rezon ki ase pou ba ou refi pou yon lisans, oswa, si nou ba ou yon lisans, nou kapab sispann li oswa anile li.

Kisa ki gen nan pratik Kosmetoloji?

Nan pratik Kosmetoloji a, sèvis yo bay yo se sèvis estil nan cheve natirèl, estetik, espesyalite nan zong, ak listraj, epitou yo bay sèvis nan cheve, tèt, figi, kou oswa po tèt yon moun, tankou men pa sèlman, raze, redui, ak koupe cheve oswa labab, swa alamen oswa avèk aparèy mekanik, ak aplikasyon antiseptik, poud, lwil, ajil, losyon oswa aplikasyon tonik nan cheve, labab oswa nan po tèt la, epi answit, yo bay sèvis pou aplikasyon tenti, sibstans chimik reyaktif, oswa lòt preparasyon, pou yon frè oswa nenpòt konsiderasyon oswa echanj, kit li dirèk kit li endirèk, pou chanje koulè oswa pou òdone, boukle, oswa chanje estrikti cheve yon moun.

Kimoun ki dwe aplike pou yon lisans Kosmetoloji?

Nenpòt moun ki pratike Kosmetoloji jan sa dekri anwo a gen obligasyon dapre lalwa pou gen yon lisans Kosmetoloji. Yon lisans Kosmetoloji p ap ba ou pèmision pou opere yon biznis; ou dwe ranpli yon fòm aplikasyon apa pou fè biznis epitou ou dwe jwenn yon lisans apa pou biznis lan.

Ki kalifikasyon ak dokiman sipò mwen bezwen pou aplike pou lisans lan?

Si ou gen omwen laj 17 tan, ou ka aplike pou yon lisans Kosmetoloji dapre:

1) **Fòmasyon ak Egzamen Eta New York (kalifye pou lisans pwovizwa)**

Ou dwe patisipe nan yon kou etid apwouve pandan 1,000 èdtan, epitou ou dwe pase egzamen ekri ak egzamen pratik Eta New York pou resevwa yon lisans pou opere nan eta sa a.

Sou yon aplikasyon ki sou papye, direktè lekòl la dwe ranpli ak siyen seksyon **Otantifikasyon Lekòl ki Apwouve nan Eta New York (Affirmation of New York State Approved School)** fòm aplikasyon an.

Pou yon aplikasyon sou entènèt avèk Sant Livrezon Lisans Eta New York, ou dwe antre kòd pwogram nan ki endike sou sètifika lekòl ou. Lekòl ki patisipe nan pwogram sètifika sou entènèt ap konfime patisipasyon nan kou an pou etidyan yo nan Sant Livrezon Lisans Eta New York. Pou lekòl ki pa patisipe nan pwogram sètifika sou entènèt, ou dwe chaje sètifika lekòl ou lè ou rive nan seksyon aplikasyon sou entènèt ki rele "Affirmation of NYS Schooling". Sistèm nan ap voye avi ba ou pou fè ou konnen ki metòd ki obligatwa dapre kòd pwogram ou chwazi a.

Aprè nou revize ak aksepte aplikasyon ou, w ap resevwa yon imèl k ap eksplike ou metòd egzamen an andetay.

2) **Fòmasyon Deyò Eta New York oswa deyò Etazini (kalifye pou lisans pwovizwa)**

Nou ka anile kondisyon pou ale lekòl nan Eta New York si ou kapab bay dokiman ki montre ou gen yon nivo ekivalan fòmasyon nan lekòl nan yon lòt eta oswa nan yon lòt peyi. Ou dwe soumèt **tout** twa dokiman ki endike anba la yo:

(1) yon sètifika lekòl la;

(2) yon relvednòt lekòl la ki endike matyè yo ak kantite èdtan ou te pase ap aprann yo; **EPI**

(3) yon Sètifika Lisans ajou ou te resevwa nan konsèy administrasyon eta a ou **oswa, si ou pa gen lisans**, yon Sètifika ajou ou resevwa nan konsèy administrasyon eta ou ki verifye kantite èdtan ou deklare yo.

Aplikasyon pou Kosmetoloji

Aprè nou revize ak aksepte aplikasyon ou, w ap gen obligasyon tou pou pase egzamen ekri ak egzamen pratik Eta New York pou resevwa yon lisans Kosmetoloji nan eta sa a. W ap resevwa enfòmasyon k ap eksplike ou metòd egzamen an andetay.

3) **Eksperyans: 5 ane deyò Eta New York**

Si yon moun gen senk (5) ane eksperyans legal nan yon metye ki ekivalan avèk kosmetoloji, moun sa a ka aplike pou yon lisans Eta New York depi li soumèt prèw satisfèzan ki montre li gen fòmasyon ak eksperyans.

Nan eksperyans nan Etazini:

- (1) Yon sètifika orijinal ou resevwa nan yon ajans livrezon lisans ki endike ou te resevwa lisans lan nan ajans lan anvan.
- (2) De (2) deklarasyon ansyen patwon ou yo, kamarad travay, kliyan fè, ki kapab endike eksperyans ou nan eta a pandan omwen senk (5) ane. Deklarasyon sa yo sou eksperyans lan dwe gen ladan dat **EGZAT** (mwa ak ane kòmansman sèvis la ak mwa ak ane finisman sèvis la), adrès (vil, eta, non biznis lan) ak sèten sèvis ou te bay.
- (3) **Kopi** deklarasyon taks sou revni ki endike kosmetoloji kòm metye ou.

Eksperyans deyò Etazini:

Prèw yo ka gen ladan, men pa sèlman:

- (1) Sètifika ofisyèl nan administrasyon distribisyon lisans nan peyi ou oswa verifikasyon nan Konsila ki endike yon lisans pa obligatwa pou pratike metye sa a nan peyi ou.
- (2) Lèt detaye patwon (yo) nan peyi ou ki endike dat **EGZAT** travay la, adrès ak sèten sèvis ou te bay.
- (3) Lèt detaye kliyan (yo) oswa kamarad travay (yo), nan peyi ou ki endike dat **EGZAT** sèvis la, adrès ak sèten sèvis ou te bay.
- (4) **Kopi** paspò ki endike kosmetoloji kòm metye, lisans chofè, liv egzèsis ki gen eksperyans nan kosmetoloji, oswa nenpòt pyès idantite ki gen foto ou.
- (5) **Kopi** pwogram akademik kou a ak diplòm/sètifika pou fòmasyon ou te resevwa nan peyi ou.
- (6) **Kopi** deklarasyon taks sou revni ki endike kosmetoloji kòm metye ou.

Aprè nou resevwa ak aksepte aplikasyon ou, ou ka resevwa yon lisans Kosmetoloji nan Eta New York san ou pa fè egzamen oswa san ou pa swiv lòt fòmasyon.

4) **Apwobasyon/Ekivalans**

Yon moun ki aplike ki gen yon lisans Kosmetoloji nan yon lòt jiridiksyon ka resevwa yon lisans Kosmetoloji nan New York nan apwobasyon oswa ekivalans. Ale sou sitwèb nou nan www.dos.ny.gov pou jwenn yon lis apwobasyon oswa ekivalans pou Kosmetoloji pou konnen si ou kalifye pou yon lisans dapre apwobasyon oswa ekivalans.

Yon moun ki aplike dwe soumèt yon kopi sètifika orijinal ki gen dat nan 6 mwa nan jiridiksyon kote li gen yon lisans ekivalan.

5) **Lisans Ou Te Gen Anvan nan Eta New York**

Si yon moun ki pa depoze yon aplikasyon, epi si li pa peye frè pou renouvèlman an nan senk (5) ane apre dat ekspirasyon ki endike sou lisans moun nan, moun sa a pa dwe kalifye pou lisans lan jouk lè li pase yon egzamen alekri. Prèw lisans ou te resevwa anvan an ka obligatwa.

Pou kisa mwen bezwen bay yon adrès imèl sou aplikasyon sou paye a?

N ap itilize adrès imèl ou pou kreye kont Sant Livrezon Lisans Eta New York ou. N ap voye pifò kominikasyon yo ba ou nan imèl. Si ou chanje adrès imèl ou pidevan, w ap bezwen konekte nan kont ou pou chanje li avèk nouvo adrès imèl yo.

Kijan pou mwen pran randevou pou egzamen mwen lè yo apwouve aplikasyon mwen?

Randevou pou egzamen yo ap disponib sèlman avèk kont ou sou entènèt.

Lè nou apwouve aplikasyon ou w ap resevwa yon imèl k ap fè ou konnen ou ka pran randevou pou egzamen ou kounye a. Si ou te aplike sou entènèt nan Sant Lisans Eta New York (NYS License Center) w ap kapab konekte nan kont ou pou pran randevou pou fè egzamen ou. Si ou te aplike lè ou te soumèt yon aplikasyon sou paye ba Divizyon Sèvis Distribisyon Lisans, n ap voye yon imèl ba ou nan adrès imèl ou te mete nan aplikasyon ou. Si ou te endike ou bezwen aranjman espesyal pou tès la, yon reprezantan nan Divizyon Sèvis Livrezon Lisans ap kontakte ou pou li pwograme egzamen ou pou ou.

Èske mwen kapab travay anvan mwen pase egzamen leta yo?

Wi. De (2) lisans pwovizwa pou sis (6) mwa disponib pou moun ki aplike epi ki vle travay jouk lè yo pase egzamen yo. Se sèlman moun ki aplike dapre edikasyon yo te resevwa nan Eta New York oswa nan Etazini k ap kalifye pou lisans pwovizwa. Moun ki aplike yo ka aplike pou yon renouvèlman lisans pwovizwa lè yo pase egzamen ekri a oswa egzamen pratik la. Lè ou pase toulède egzamen yo, n ap ba ou yon lisans pou kat (4) ane.

Aplikasyon pou Kosmetoloji

Ki frè pou mwen peye epitou ki kondisyon pou mwen resevwa lisans lan?

\$40 dola - Frè lisans pou aplikasyon orijinal (pou tout moun ki aplike yo). Pou moun ki aplike epi ki pa gen obligasyon pou pase egzamen yo (pa egzans, aplikasyon ki base sou 5 ane eksperyans legal oswa moun ki aplike pou lisans ekivalan ki gen lisans deja nan yon lòt eta), sa a se sèl frè ki obligatwa.

\$10 dola - Frè pou lisans pwovizwa pou 6 mwa.

\$10 dola - Frè pou renouvle lisans pwovizwa pou 6 mwa (aplikasyon apa).

Tanpri Sonje: Si ou aplike pou yon aplikasyon orijinal ak yon lisans pwovizwa, ou ka soumèt yon frè aplikasyon \$50 dola. Frè aplikasyon apa a pa obligatwa.

Dire lisans lan se kat (4) ane. Dire pou yon lisans pwovizwa se 6 mwa.

\$15 dola – Frè egzamen an (ou dwe peye lè ou pran randevou pou fè egzamen ou sou entènèt)

Ki fòm peman ou aksepte?

Ou ka peye avèk chèk oswa chèk postal (money order) ki ekri sou non Department of State. Ou ka peye avèk American Express, MasterCard oswa Visa, avèk yon fòm otorizasyon pou kat kredi lè ou aplike sou entènèt. Pa voye lajan kach. **Nou pa ranbouse frè aplikasyon an.** W ap gen pou peye yon frè \$20 dola pou nenpòt chèk bank ou retounen.

Èske mwen bezwen yon egzamen fizik pou mwen resevwa lisans lan?

Wi. Yon doktè, yon asistan doktè oswa yon enfimyè pratisyen dwe egzamine ou pou ou kapab aplike pou yon lisans nan Kosmetoloji. **Doktè ou oswa asistan doktè ou oswa enfimyè pratisyen** ou dwe ranpli ak date seksyon Sètifika Sante ki nan aplikasyon an oswa Fòm Sètifika Sante (DOS-1948) si ou aplike sou entènèt. Ou dwe soumèt aplikasyon ou nan 30 jou apre dat sètifika a siyen.

Rapò konsènan Sipò Timoun

Yon Rapò konsènan Sipò Timoun obligatwa nan Eta New York (Lwa sou Obligasyon Jeneral) kit ou gen pitit kit ou pa genyen, oswa kit ou gen nenpòt obligasyon pou peye sipò kit ou pa genyen. **Si yon moun dwe kat (4) mwa oswa plis mwa nan aryere peman nan sipò timoun, nou ka sispann lisans biznis, lisans pwofesyonèl ak lisans chofè moun sa a.** Si ou fè espere pou bay yon fo deklarasyon alekri pou twonpe oswa dekouraje egzekisyon legal obligasyon pou peye sipò, ou ka tonbe anba pinisyon dapre §175.35 Lwa Penal. Si ou bay yon fo dokiman pou mete nan dosye ou nan yon ajans gouvènman leta oswa lokal avèk entansyon pou fè fwod, ou fè yon krim klas E.

Enfòmasyon sou Sèvis sou Entènèt:

Pou yon pwosesis ki pi vit ak pi fasil, Divizyon Sèvis Livrezon Lisans (Division of Licensing Services) ankouraje moun k ap aplike yo pou yo aplike sou entènèt. Si ou itilize sèvis yo sou entènèt sa ap ba ou yon dèle repons pi rapid sou aplikasyon ou ak dènye enfòmasyon yo, epitou sa ap pèmèt ou wè dosye lisans ou ak gen aksè ladan pandan tout pwosesis lisans lan.

Pou jwenn plis enstriksyon konplè ak lòt enfòmasyon sou entènèt, gade FAQ (Kesyon Moun Poze Souvan) sou sitwèb <http://www.dos.ny.gov/licensing/lc-faq.html>

Ki tranzaksyon ak enfòmasyon ki disponib sou entènèt?

- Ranpli yon premye aplikasyon
- Tcheke kondisyon yon aplikasyon
- Renouvle lisans ou
- Pran randevou pou fè yon egzamen epi wè rezilta yo
- Tcheke kondisyon yon lisans
- Fè chanjman nan enfòmasyon sou lisans
- Mande diplikata yon lisans

Kijan pou mwen anrejistre pou yon kont nan Sant Livrezon Lisans Eta New York (NYS LC)?

Pou anrejistre pou yon kont nan Sant Livrezon Lisans Eta New York (NYS LC), ou dwe anrejistre avèk My NY.gov.

Si ou pa anrejistre nan moman an avèk My NY.gov, ale sou sitwèb anrejistreman My NY.gov nan <https://aca.licensecenter.ny.gov/aca/> epi klike sou lyen 'I need a NY.gov ID' (Mwen bezwen yon ID NY.gov ID) epi swiv anrejistreman an pou My NY.gov. Depi ou anrejistre avèk My NY.Gov, fè chwa Sant Lisans Eta New York pami chwa ki disponib pou ou sou My NY.gov. Nan Sant Lisans Eta New York, klike sou lyen 'Account Management' (Jesyon Kont) ki nan kwen dwat anlè a. Ranpli espas ki obligatwa yo epi done sa a yo ap parèt sou tout nouvo aplikasyon ou kreye avèk kont ou. Lè ou fini ak sovgade done sa yo, klike sou onglè 'Home' (Paj-Dakèy) pou kontinye.

Kisa pou mwen fè si mwen gen yon Kont My NY.gov deja?

Si ou anrejistre deja avèk My NY.gov, ale nan My NY.gov epi konekte ladan, ansuit fè chwa Sant Livrezon Lisans Eta New York pami chwa ki disponib pou ou yo nan My NY.gov. Sa ap kreye Kont Sant Livrezon Lisans Eta New York ou. Nan Sant Livrezon Lisans Eta New York, kreye lyen 'Account Management' (Jesyon Kont) lan ki nan kwen anlè adwat. Ranpli espas ki obligatwa yo epi done sa a yo ap parèt sou tout nouvo aplikasyon ou kreye avèk kont ou. Lè ou

Aplikasyon pou Kosmetoloji

fini ak sovgame done sa yo, klike sou onglè 'Home' (Paj-Dakèy) pou kontinye.

Kijan pou mwen aplike pou yon lisans nan Sant Livrezon Lisans Eta New York?

Pou aplike pou yon lisans nan Sant Livrezon Lisans Eta New York, ou dwe kreye yon kont oswa ou dwe konekte nan yon kont ou genyen deja. Swiv etap sa yo pou aplike pou lisans ou sou entènèt:

- Eskri pou yon Kont oswa Konekte nan kont ou (gade seksyon "Kijan pou mwen enskri pou yon kont nan Sant Lisans Eta New York (NYS License Center (NYSLC))" ki endike anwo a)
- Lè ou konekte nan Sant Livrezon Lisans Eta New York, nan onglè 'Home', chwazi 'Apply now for a new license or permit' (Aplike kounye a pou yon nouvo lisans oswa pèmi)
- Swiv enstriksyon yo ba ou sou entènèt pou aplikasyon an
- Chaje nenpòt dokiman sipò
- Fè peman an epi enprime paj konfimasyon a

W ap kapab konekte nan kont ou epitou w ap kapab wè kondisyon aplikasyon ou.

Kijan pou mwen kreye yon lisans siplemantè sou entènèt?

Pou aplike pou yon lisans siplemantè, konekte nan konte ou epi klike sou onglè 'Manage My Licenses' (Jere Lisans Mwen yo), epi answit chwazi lyen 'Apply now! For a New License or Permit' (Aplike kounye a pou yon Nouvo Lisans oswa Pèmi). Li epi aksepte modalite ak kondisyon yo, epitou sistèm nan ap gide ou ladan.

Kijan pou mwen renouvle yon lisans sou entènèt?

Si ou gen yon kont Sant Livrezon Lisans Eta New York deja, twa (3) mwa anvan lisans ou dwe ekspire w ap resevwa yon avi pou renouvle lisans ou nan imèl. Imèl la ap gen ladan yon lyen pou mennen ou nan kont ou. Klike sou lyen an epi ranpli aplikasyon pou renouvèlman an.

Si ou pa gen yon kont Sant Livrezon Lisans Eta New York deja, w ap resevwa yon avi pou renouvle lisans ou nan imèl twa (3) mwa anvan lisans ou dwe ekspire. Avi sa a ap gen ladan enstriksyon pou kreye yon kont sou Sant Livrezon Lisans Eta New York.

Kisa ID Itilizatè mwen pou sistèm sou entènèt la?

Lè ou kreye kont ou sou My NY.Gov, w ap kreye yon ID itilizatè inik epitou w ap itilize adrès imèl ou. Answit, w ap kapab gen aksè nan kont ou avèk ID itilizatè a.

Kijan pou mwen fè chanjman nan enfòmasyon mwen yo sou entènèt?

Gen de (2) kote ou gen obligasyon pou fè chanjman nan enfòmasyon sou kont sou entènèt. Ou bezwen fè chanjman nan enfòmasyon yon nan My NY.gov ak nan kont Sant Livrezon Lisans Eta New York ou.

Nan My NY.gov, gade FAQs (Kesyon Moun Poze Souvan) pou jwenn enfòmasyon sou fason pou jere kont ou.

Konekte nan kont Sant Livrezon Lisans Eta New York ou, nan ranje anlè a w ap wè yon lyen ki gen tit 'Manage My Licenses' (Jere Kont Mwen). Pandan ou ladan, w ap kapab fè chanjman nan enfòmasyon sou kont ou depi ou fè yon modifikasyon pou chanje enfòmasyon kontak ou.

Mwen aplike sou entènèt, kijan pou mwen fè depatman an konnen mwen fè egzamen fizik la?

Yon doktè, yon asistan doktè oswa yon enfimiyè pratisyen dwe egzamine tout moun ki aplike yo pou yo kapab aplike pou yon lisans nan Kosmetoloji. Ou dwe soumèt aplikasyon pou lisans lan nan 30 jou apre yon doktè, yon asistan doktè oswa yon enfimiyè pratisyen egzamine ou, epitou ou dwe mete non ou ak enfòmasyon pou nou kontakte ou sou aplikasyon an. Ou dwe ranpli Fòm Sètifika Sante (DOS-1948). Ou kapab telechaje li sou sitwèb Depatman-Deta.

Sou aplikasyon ou sou entènèt avèk Sant Livrezon Lisans Eta New York, ou dwe itilize enfòmasyon ki endike sou fòm Sètifika Sante a. Ou gen obligasyon pou antre enfòmasyon ki nan fòm sa a nan espas sètifika sante a ki nan sistèm nan.

Tanpri sonje: Yon anketè ka fè odit sou Fòm Sètifika Sante ou ranpli a pou asire ou konfòme ou avèk egzijans sa a. Yo dwe konsève prèv fòm sa a nan lokal travay ou pou yo fè odit.

AVI SOU KONFIDANSYALITE ENFÒMASYON PRIVE

Èske mwen dwe bay nimewo Sekirite Sosyal mwen ak nimewo ID Federal mwen sou aplikasyon an?

Wi, si ou gen yon nimewo sekirite sosyal oswa yon nimewo ID (idantifikasyon) federal, ou gen obligasyon pou bay nimewo sa a. Si ou pa gen yon nimewo sekirite sosyal oswa yon nimewo ID federal, tanpri bay yon eksplikasyon alekri.

Depatman-Deta gen obligasyon pou pran nimewo Sekirite Sosyal federal ak nimewo Idantifikasyon Patwon tout lisans yo. Nou jwenn otorizasyon pou mande epi konsève enfòmasyon pèsonèl sa yo nan §5 Lwa Fiskal ak §3-503 Lwa sou Obligasyon Jeneral (General Obligations Law). Ou gen obligasyon pou bay enfòmasyon yo. Nou pran enfòmasyon yo pou pèmèt Depatman Taksasyon ak Finans (Department of Taxation and Finance) idantifye moun, biznis ak lòt moun ki anreta nan deklarasyon taks sou revni yo oswa ki te ka pa estime obligasyon fiskal yo ase epi anjeneral pou idantifye moun taks afekte ki anba kontwòl Manm Komisyon Taksasyon ak Finans. N ap itilize enfòmasyon yo pou administrasyon taks ak pou nenpòt lòt objektif ki otorize anba Lwa Fiskal (Tax Law), epitou ajans egzekisyon sipò timoun oswa reprezantan otorize eta sa a oswa lòt eta ka itilize enfòmasyon yo dapre Tit IV-D Lwa sou Sekirite Sosyal (Social Security Act), pou detèmine, modifiye oswa egzekite yon lòd sipò, men enfòmasyon yo p ap disponib pou piblik la. Yon eksplikasyon alekri obligatwa kote ou pa bay nimewo a. Direkèt Administrasyon ak Jesyon ap konsève enfòmasyon sa yo nan Sistèm

Aplikasyon pou Kosmetoloji

Enfòmasyon Livrezon Lisans nan adrès One Commerce Plaza,
99 Washington Avenue, Albany, NY 12231-0001.



Division of Licensing Services

New York State
Department of State
Division of Licensing Services
Appearance Enhancement
P.O. BOX 22049
Albany, NY 12201-2049
Sèvis Kliyantèl: (518) 474-4429
www.dos.ny.gov

Aplikasyon pou Kosmetoloji

Li enstriksyon yo anvan ou ranpli aplikasyon sa a. Ou dwe reponn chak kesyon epitou ou dwe EKRI repons yo an LÈT DETACHE avèk plim.

Tanpri chwazi youn pami sa ki anba la a

Mwen aplike pou lisans (frè aplikasyon \$40 dola obligatwa) dapre:

- _____ 1. Edikasyon ak Egzamen Eta New York (patisipasyon nan yon kou etid apwouve pandan 1,000 èdtan)
- _____ 2. Lisans Kosmetoloji Eta New York anvan – Nimewo UID Lisans _____ Dat Ekspirasyon _____
- _____ 3. Edikasyon deyò Eta New York oswa deyò Etazini
- _____ 4. Eksperyans: 5 ane deyò Eta New York oswa deyò Etazini Eta _____ Peyi _____
- _____ 5. Apwobasyon/Ekivalans – Antre non eta a _____

Si ou te fè chwa 1, 2 oswa 3 ki anwo a, ou ka aplike pou yon lisans pwovizwa pou sis (6) mwa (ou dwe peye yon lòt frè \$10 dola) k ap pèmèt ou pratike pandan w ap pran Egzamen Eta New York.

_____ **Mwen mande yon lisans pwovizwa pou sis (6) mwa. (\$40 + \$10 = \$50 frè aplikasyon ki obligatwa)**

Si ou te chwazi 1, 2, oswa 3 anwo a, n ap imèl ou yon link pou pran randevou pou yon egzamen lè nou apwouve aplikasyon ou.

_____ **Mwen mande aranjman espesyal pou tès la.**

Si ou gen yon andikap pou aprann oswa nenpòt andikap fizik, mantal oswa sikolojik epi ou mande aranjman espesyal pou tès la, ou dwe soumèt yon Fòm “Demann Aranjman Espesyal pou Tès” (DOS-1591) ki ranpli ansanm avèk aplikasyon ou. Ou dwe soumèt tou dokiman sipò yon doktè, lòt pwofesyonèl kalifye oswa prèv aranjman ou te jwenn anvan nan yon lekòl oswa lòt enstitisyon ki dekri pwoblèm medikal ou ak yon eksplikasyon nenpòt modifikasyon ou mande. Lè nou apwouve aplikasyon ou, yon reprezantan livrezon lisans Eta New York ap kontakte ou pou ba ou randevou pou yon egzamen.

Enfòmasyon sou Moun ki Aplike a

Prenon		Non Fanmi		Dezyèm Prenon		Tit	
Adrès Kay (bay nimewo ri ak non ri a)				Suite, Apt., Inite			
Vil		Eta		Kòd Postal + 4 chif		Konte	
						Peyi	
Adrès Postal (bay Bwat Postal la a)							
Vil		Eta		Kòd Postal + 4 chif		Konte	
						Peyi	
Adrès Imèl		Nimewo Sekirite Sosyal			ID Federal Kontribiyab		
Dat Ou Fèt		Telefòn Kay		Telefòn Selilè		Telefòn Biznis	

Aplikasyon pou Kosmetoloji

Sètifika Sante – Ou dwe soumèt aplikasyon sa a nan **30 jou** apre egzamen fizik ou.

Mwen se yon doktè lisansye, asistan doktè oswa enfimyè pratisyen epi nan pwosisyon yon egzamen woutin moun ki gen non li site nan aplikasyon sa a nan dat _____ (*Dat Egzamen an*), mwen pa t jwenn prèv klinik pou prezans enfeksyon oswa maladi kontajye ki ta reprezante yon risk enpòtan oswa yon menas dirèk pou sante oswa sekirite manm piblik la nan pratik metye moun ki aplike a.

Non Doktè a an Lèt Detache _____

Adrès Pratik _____

Siyati Doktè a _____

Dat la _____

Rapò konsènan Sipò Timoun

Depi mwen siyen aplikasyon sa a, mwen konfime apati dat ki nan aplikasyon sa a, mwen pa anba yon obligasyon pou peye sipò timoun **OSWA** si mwen anba yon obligasyon pou peye sipò timoun, mwen pa anreta depi kat (4) mwa oswa plis mwa nan aryere nan peman sipò timoun, oswa m ap fè peman dapre egzekisyon sou revni oswa dapre plan peman oswa plan ranbousman tribinal egzije oswa dapre plan toulède moun ki konsène yo dakò oswa obligasyon mwen pou peye sipò timoun ka depannde yon pwosedi tribinal ki annatant, oswa m ap resevwa èd piblik oswa revni sekirite siplemantè.

Konfimasyon Moun ki Aplike a – Mwen konfime, anba menas sanksyon pou fo temwayaj, deklarasyon mwen fè yo nan aplikasyon sa a se deklarasyon ki vrè ak kòrèk. Answit, mwen konfime mwen li epi konprann dispozisyon Tit 27 Lwa Jeneral sou Biznis ak règleman yo pibliye annapre.

X _____
Siyati Moun ki Aplike a

Dat la

Si ou aplike dapre Edikasyon ak Egzamen Eta New York, direktè oswa responsab prensipal lekòl ou dwe ranpli sa ki anba la a:

Otantifikasyon Lekòl yo Apwouve nan Eta New York

Non Lekòl la		
Adrès Lekòl la (bay nimewo ri ak non ri a)		
Vil	Eta	Kòd Postal + 4 chif
Kòd Pwogram Akademik Lekòl la (Kòd nimerik senk chif NYS Department of State bay pou Lekòl la)		
Prenon ak Non fanmi Direktè oswa Responsab Prensipal Lekòl la (ekri an lèt detache)		Tit (Direktè oswa Responsab Prensipal)
Prenon ak Non Fanmi Moun ki Aplike a (an lèt detache)		

Aplikasyon pou Kosmetoloji

Mwen siyen epi konfime, anba menas sanksyon pou fo temwayaj, lekòl ki gen non li endike anwo a gen lisans kòm sadwa dapre §5001 Lwa sou Edikasyon epi Konsèy Administrasyon Regents Eta New York (Board of Regents of the State of New York) apwouve li. Moun ki gen non li endike sou aplikasyon sa a te patisipe avèk siksè nan yon kou etid apwouve pandan 1,000 èdtan (*dat la*) _____ .

Siyati Direktè/Responsab Prensipal Lekòl la

Dat la

So Lekòl la

Tanpri sonje pou ajoute ansanm avèk aplikasyon sa a nenpòt eksplikasyon ak deklarasyon obligatwa ansanm avèk frè aplikasyon ou (ou dwe peye NYS Department of State) — \$50 dola pou aplikasyon an ak lisans pwovizwa a; OSWA \$40 dola pou aplikasyon an sèlman. W ap gen pou peye yon frè \$20 dola pou nenpòt chèk bank ou retounen. Si ou vle peye avèk kat kredi, tanpri ale sou sitwèb nou nan www.dos.ny.gov pou jwenn yon fòm otorizasyon pou kat kredi pou ranpli epi pou retounen ansanm avèk aplikasyon sa a.

Li enpòtan pou fè divizyon an konnen nenpòt chanjman nan adrès kay ou ak nan adrès imèl ou pou ou kapab resevwa avi renouvèlman yo ak lòt notifikasyon ki gen pou wè ak lisans ou.